

Chwa Mache: "Depop" la nan Wout



Antanke konpayi asirans dènye chwa nan Florid, Citizens pran angajman pou ede moun nou asire yo jwenn òf kouvèti asirans sou mache prive a lè yo disponib. Youn nan fason nou ranpli misyon sa a se nan Citizens' [Depopulation Program](#) lan.

Yo rele li "Depop" an abreje, epi pwogram lan asosye moun nou asire nan Citizens yo avèk konpayi asirans otorize sou mache prive a ki enterese jwenn yon kontra asirans ki deja egziste nan Citizens epi bay kouvèti ki ka pi konplè nan anpil ka.

Depi 2009, pwogram lan te transfere plis pase 1.7 milyon kontra asirans Citizens bay konpayi asirans otorize yo. Transfè sa yo istorikman rive nan fen sezon siklòn lan rive jis nan kòmansman sezon prentan lè aktivite tanpèt katastwofik yo nan nivo yo ki pi ba a.

[Men ki jan](#) pwogram lan travay pou [Kontra Asirans Pèsonèl](#) yo: Si youn oswa plizyè konpayi asirans chwazi kontra asirans ou an pou depopilasyon, ou pral resevwa yon lèt Òf Chwa nan men Citizens pou Moun ki Asire ki enfòmè w sou konpayi an (yo) ki ta renmen retire kontra asirans ou an nan men Citizens epi pran kontwòl kouvèti asirans pwopriyete ou an.

Office of Insurance Regulation (Biwo Règleman Asirans) dwe toudabò apwouve konpayi asirans ki patisipe yo pou yo fè yon òf. Antanke moun ki asire nan Citizens, ou gen dwa rete avèk Citizens oswa aksepte òf konpayi asirans prive a.

Ki sa pou w konsidere

Pou ede ou pran desizyon w lan, lèt la gen ladan fèy travay kouvèti asirans (yo) ki bay detay ak estimasyon prim renouvèlman yo pou tout òf disponib konpayi asirans prive ki disponib yo ak pou renouvèlman kontra asirans Citizens ou a. Lèt la bay enfòmasyon tou sou fason pou aksepte yon òf prive oswa rete avèk Citizens. Desizyon sa a ka fèt sou [entènèt](#) oswa an pasan pa ajan ou.

Ou dwe konnen si ou pa reponn, Citizens ap voye kontra asirans ou an bay youn nan konpayi yo sou mache prive a ki chwazi kontra a. Si yo pran kontwòl kontra asirans ou an, ou pral resevwa yon Avi sou Kontwòl ak Non-Renouvèlman ak Sètifika Kontwòl la.

Gen kèk bagay ou dwe konsidere lè w ap decide si ou vle rete avèk Citizens oswa aksepte òf konpayi asirans prive a:

- Yon konpayi asirans prive ka bay kouvèti ki pi konplè.
- Moun ki asire ak Citizens yo anba [kotizasyon ki pi](#) gwo tou (jiska 45% nan prim ou) pase moun ki asire nan asirans prive yo si sa nesèsè pou peye reklamasyon Citizens yo.

Nou ankouraje w pou w pale avèk ajan ou, ki pi byen ekipe pou bay konsèy sou bezwen asirans ou yo. Citizens bay yon pakèt enfòmasyon tou sou paj Depopulation Program nan sou sit entènèt nou an.

Byenveni nan paj Dec ou a



Gen anpil chans pou sa se youn nan dokiman ki pi enpòtan ou janm li. Wi, n ap pale de paj Deklarasyon kontra asirans ou an, oswa "Paj Dec" an abreje.

Paj Dec lan fè pati dosye kontra asirans ou an, epi li bay youn apèsi inik sou kontra asirans ou an, sa gen ladan karakteristik pwopriyete, dediktib, limit kouvèti ak kredi ki aplike nan kontra asirans ou an.

Pou pifò kontra pwopriyete asirans miltiperil, li dekri [montan kouvèti](#) pou kategori annapre yo:

- Kouvèti A – Abitasyon kouvri kay ou ak estrikti ki atache yo. Yo detèmine montan kouvèti w la sou baz estimasyon pri pou rekonstriksyon kay ou ak estrikti atache yo konplètman apre youn pèt total.

- Kouvèti B – Lòt Estrikti kouvri estrikti pèmanan ki pa konekte ak kay ou tankou garaj detache, dèk, kloti ak depo.
- Kouvèti C – Pwopriyete pèsònèl kouvri valè depresye a (Valè Racha Reyèl) pou sa ki nan kay ou ak atik pèsònèl tankou rad, elektwonik, mèb ak aparèy yo. Kouvèti Pri Ranplasman disponib pou youn frè anplis.
- Kouvèti D – Pèt Itilizasyon peye pou depans ki depase pri abityèl nan lavi lè ou pa ka viv lakay ou pou youn ti tan akòz youn pèt ki kouvri.
- Kouvèti E – Responsablite Pèsònèl kouvri blesi kòporèl oswa domaj sou pwopriyete ou menm oswa lòt moun ki kouvri nan kontra asirans lan responsab pou yo legalman.
- Kouvèti F – Pèman Medikal bay Lòt Pati fèt pou peye pou sèten depans medikal ki nesèsè pou youn moun ki blese nan youn aksidan sou pwopriyete ou an oswa youn aksidan youn moun ki asire te lakòz.

Dediktib Kontra Asirans


Youn lòt atik sou Paj Dec lan se dediktib ou, ki reprezante montan youn reklamasyon ki kouvri ki se responsablite w pou peye. Kantite lajan an aplike pou kantite total pèt ki kouvri a pou detèmine responsablite Citizens. Pèman yo fèt sèlman si kantite pèt ki garanti a depase dediktib ou an. Genyen de kalite:

1. Dediktib Pousantaj (Reklamasyon Siklòn ak Twou Anba tè): Dediktib sa yo aplike sèlman pou risk siklòn oswa twou anba tè epi yo detèmine yo sou baz youn pousantaj valè asirans kay ou.

Pa egzanp, youn dediktib siklòn 2% sou youn kay ki asire pou \$200,000 nan Kouvèti A t ap \$4,000. Montan an dola dediktib nan pousantaj yo chanje amezi valè asirans kay ou an chanje, swa nan enflasyon oswa si ou fè amelyorasyon nan kay ou ki ogmante valè asirans total kay la.

- o Dediktib Siklòn lan aplike sou youn baz ane kalandriye depi janvyè jiska desanm. Yonfw montan pèt siklòn ki kouvri nan youn ane kalandriye depase montan dediktib ou pou siklòn, ou atenn montan dediktib siklòn lan. Lè sa, nenpòt pèt nan siklòn ki vin annapre nan menm ane a pral depann de dediktib Tout Lòt Risk kontra asirans ou an.

Remak: Ou ta dwe rapòte pèt ou an menm si ou pa kwè pèt la ap depase dediktib Siklòn ou paske montan ou peye a t ap aplike sou dediktib Siklòn ane kalandriye ou an, sa ki redui frè ou pou nenpòt pèt siklòn ki vini annapre nan ane sa.



2. Dediktib Fiks an Dola (Tout Lòt Risk yo): Dapre kontra asirans Pwopriyete Kay ou, si kay ou an sibi domaj nan yon risk ki kouvri ki pa yon siklòn oswa yon twou anba tè, dediktib Tout Lòt Risk yo aplike. Sa se yon montan dola fiks (\$500; \$1 000; \$2 500; elatriye). Anjeneral, sa yo pa pral chanje sòf si ou achte yon montan dediktib ki pi ba oswa pi wo.

Lè w ap chèche achte kouvèti, mande ajan ou an egzamine montan dediktib yo nan kad konparezon kontra asirans ou. Nan pifò ka yo, lè ou chwazi yon dediktib ki pi wo sa pral diminye prim ou.

Kounye a, sa pa t tèmman mal, pa vre? Kounye a ou gen yon pi bon konpreyansyon sou paj Dec ou, youn nan dokiman ki pi enpòtan ou te janm li.




**Rele
Citizens
First nan**

866.411.2742

myPolicy

Rapòte reklamasyon,
gade reklamasyon
epi fè peman 24/7/365

Sakraida di: Se pou w prepare



Antanke lidè nan repons katastwòf Citizens, yo souvan mande m si planifikasyon pou bagay sanzatann kontinye nan lavi pèsònèl mwen. Mwen te aprann byen bonè “planifikasyon davans evite move pèfòmans” – epi sa te reyèlman rete avè m nan tout vi pèsònèl ak pwofesyonèl mwen.

Kounye a nou twouve nou nan sezon maksimòm siklòn 2021 nan Atlantik la. Kontrèman ak COVID-19, siklòn yo plizoumwen fasil pou planifye pou yo – grasa avi davans ki soti nan pwediktyon meteyo fyab yo – epi nou te gen anpil pratik pou reponn ak tanpèt nan senk dènye ane yo.

Priyorite Nimewo 1 an se Prepare Kay ak Fanmi

Dapre eksperyans mwen, men sa mwen ta rekòmande pou w sonje lè yon tanpèt ap pwoche. Premyèman, analize kote ou ye a ak konstriksyon kay ou a. Sa pral ede w detèmine si w dwe evakye. Aksè enpòtan anpil, kidonk reflechi sou wout ki antoure w yo ak sa ki ka rive yo nan yon tanpèt van oswa nan inondasyon.

Si w deside pran abri lakay ou, konprann tan ak pwosesis ki nesèsè pou pwoteje fanmi ou ak kay ou kont domaj. Sa kapab yon travay ki koute anpil, difisil ak pran tan pou barikade yon kay.

Planifye pou si w vin san kouran

Aprè nenpòt gwo tanpèt, sa ka pran tan pou resous enfrastriktyon enpòtan anpil yo reprann tout fonksyonman yo.

Men kèk bagay ou dwe konsidere:

- Lavi san kat kredi oswa kat debi: Kapasite pou “peye ak plastik” ka afekte, epi lajan kach gendwa sèl opsyon an. Estoke lajan kach lè yon tanpèt ap vini.
- Si w gen yon dèlko, li dwe antretni kòrèkteman epi teste l

pandan tout ane a pou asire li nan bon eta fonksyonman. Apre yon tanpèt, anpil atik – sa gen ladan dèlko – ap gen chans pou koute plis oswa yo ka pa menm disponib.

- Kenbe yon twous pou siklòn: Lajan kach, medikaman, pil pou flach ak lanp, radyo meteyo ki mache ak pil, kle alamen pou louvri bwat, gril pwopàn oswa chabon, foul tank machin ak gaz, gaz pou dèlko, èkondisyone pòtab oswa vantilatè ak yon bank enèji pou chaje aparèy elektwonik yo.
- Pifò espè rekòmande yon pwovizyon manje ki pa gate fasil ak dlo pou bwè pou sèt jou (yon galon pa jou pou chak moun).
- Pwoteje atik pèsònèl enpòtan anpil yo oswa deplase avèk yo. Ranplasman atik tankou batistè, paspò, papyè asirans, papyè kay ka mande tan ak efò.

Lè w prepare epi ou gen yon plan, sa kapab non sèlman fè ou ekonomize tan ak lajan, men li kapab pwoteje sekirite pèsònèl ou tou. Anplis gwo resous [sou sit entènèt](#) nou yo, gen enfòmasyon sou sit [Divizyon Jesyon Ijans Florid](#) ak sit [Lakwa Wouj Ameriken](#) an tou.

Craig Sakraida se Vis Prezidan Nonlitigated Claims, epi li sipèvizè efò repons pou katastwòf Citizens.

Desizyon Difisil nan Mache Difisil



Tan difisil yo nan mache asirans Florid la pa t kite Citizens entak. Pandan nivo ogmantasyon an pa menm pou moun ki asire nan mache prive yo, kliyan Citizens yo santi efò peryòd difisil yo tou.

Ni Citizens ni Lejislati Florid la ap pran dispozisyon pou amelyore kondisyon yo sou mache a ak kwape lavalas kontra

asirans nan direksyon Citizens, konpayi asirans kòm dènye chwa nan Eta a ki pa pou pwofi. Dispozisyon ki nesèsè sa yo pral pwobableman gen enpak sou ou ak lòt moun ki asire nan Citizens yo paske nou konfòme nou ak lwa ki fenk adopte pou estabilize mache a pandan y ap fè chanjman entèn pou pi byen kontwòle pri yo ak prepare pou amelyore kondisyon yo sou mache a.

Apati 1 fevriye 2022, Citizens ap ogmante tarif yo pou nouvo kontra asirans ak renouvèlman yo pou reflekte chanjman lejislatif yo, sa gen ladan adopsyon Pwojè Lwa 76 Sena a (SB 76). Pifò moun ki asire yo pral wè ogmantasyon ki pi wo a oswa pi ba pase mwayèn 7.6% an. Byenke pèsonn pa renmen wè tarif yo ogmante, ogmantasyon sa yo mwens anpil pase sa anpil konpayi asirans prive chèche. N ap fè tout sa nou kapab pou kontwòle pwòp depans nou yo, ki toujou klase nan pami sa ki pi ba nan endistri a.

Lè li rekonèt nesite pou refòm asirans, Lejislati Florid la nan kòmansman ane sa a te adopte yon ponyen Pwojè Lwa, sa gen ladan SB 76, pou amelyore kondisyon yo sou mache a, kwape dispit inital yo ak pwoteje konsomatè yo kont aktivite fwòd.

SB 76 mande yon kantite chanjman:


- Pou kalifye pou kouvèti Citizens, devri konpayi asirans mache prive yo dwe plis pase 20% pi gran pase pa Citizens yo, parapò ak 15% oparavan. Citizens te mete sa an plas 1 jiyè 2021.
- Mizajou nan langaj kontra pou reflekte chanjman nan delè rapò pèt, ki egzije tout reklamasyon inisyal dwe rapòte nan espas dezan. Citizens ap mete sa nan fòm kontra asirans nou yo kòmmanse an novanm.
- Mizajou ogmantasyon prim anyèl maksimòm otorize Citizens soti nan 10% vin 11%. Plafon ogmante a antre anvigè apati 1 fevriye 2022.

Anplis de sa, Citizens te fè kèk chanjman entèn ki mete l sou menm pratik ak pratik ki kouran nan mache prive a. Pami yo:

- Mande nouvo kandida kontra asirans yo, apati fevriye 2022, pou bay yon enspeksyon 4 pwen pou kay ki gen plis pase 20 lane. Citizens kounye a egzije enspeksyon 4 pwen sou kay ki gen laj plis pase 30 lane.
- Ogmante frekans nan enspeksyon yo nan yon efò pou diminye pèt ki ka rive, pou fikse to yo avèk plis presizyon ak pou amelyore efò depopilasyon yo.

Kijan Yo te Fè Seleksyone M pou Souskripsyon?

Pwogram Depopulation Choices Citizens pou Liy Pèsonèl yo ede jwenn kouveti asirans nan mache prive a tout lè sa posib. Konpayi asirans otorize yo nan mache prive a ka mande pou souskri (retire) kontra asirans Citizens ki pa annatant anilasyon, ki fiske pou pa renouvle oswa ki seleksyone pou souskripsyon ak yon lòt konpayi asirans. Souskripsyon ka fèt nenpòt lè pandan peryòd yon kontra asirans.



Pou jwenn enfòmasyon anplis sou souskripsyon, kontakte ajan ou oswa Sant Sèvis Kliyan Citizens lan nan 866.411.2742, oswa ale sou <https://www.citizensfla.com/depopulation>.

myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

Call Citizens First
866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa

W ap jwenn enfòmasyon byen presi sou kontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabònè](#)

